



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 2.5 MILYON DOLA POU AMELYORE 13 TEREN JWÈT NAN PAK LETA TOUPATOU NAN ETA NOUYÒK

State Parks pral modènize 100 teren jwèt disi 2020

Jodi-a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke eta Nouyòk te angaje \$2.5 milyon pou bati oswa amelyore 13 teren jwèt nan 11 pak leta toupatou nan New York.

Amelyorasyon pak yo fè pati objektif Gouvènè a genyen pou li modènize 100 teren jwèt nan pak leta yo disi 2020, epi pou sèvi ak pwogram [Konekte Timoun ak Pak yo \(Connect Kids to Parks\)](#) pou atire plis jèn deyò.

“Teren jwèt yo enpòtan paske yo bay anpil timoun aksè a lanati, sa ki ka pote yon apresyasyon pou bote natirèl Nouyòk la pou tout lavi yo, epi opòtinite amizman nan bèl pak leta yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Amelyorasyon sa yo fè pati seri mizanivo jeneralize ke n’ap fè nan pak toupatou nan eta-a e yo pral ede konekte pwochen jenerasyon nouyòkè yo ak lanati.”

“Teren jwèt sa yo plis pase kote pou moun amize yo, yo ede timoun pran fòs epi pran konfyans nan tèt yo”, **Rose Harvey, Komisyònè State Parks te deklare.** “Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou efò li fè pou atire plis jèn moun deyò, epi nan envesti nan enstalasyon amizman modèn yo bezwen.”

Nan kad inisyativ la, State Parks yo pral ranplase teren jwèt demode nan park yo avèk ekipman modèn ki konfòm avèk kòd ak zòn distenk pou gwoup laj jèn ak sa ki pi gran yo. Modènizasyon espas pou jwe yo ap asosye avèk modènizasyon espas yo, tankou pyebwa yo oswa vout, kote pou chita, fontèn dlo, ak koneksyon avèk santye/twotwa nan rès pak la.

Men kèk nan pak eta yo:

Central New York (Sant New York)

Cayuga Lake State Park – ranplase ansyen ekipman jwèt an bwa nan zòn bò lak la avèk ekipman pou teren jwèt distenk pou timoun piti ak pi gran, sa ap ofri opòtinite jwèt pi inovatif pou timoun kapab amize yo nan zòn natasyon ak piknik nan pak la.

Finger Lakes

Letchworth State Park – ranplase epi agrandi twa ansyen teren jwèt nan zòn Parade

Grounds, Lower Falls ak Tea Table ki nan pak la.

Western New York (Zòn Lwès New York)

Whirlpool State Park – agrandi zòn teren jwèt ki egziste deja nan pak ki baze sou kominote sa-a.

DeVeaux Woods State Park – ranplase ansyen teren jwèt ki egziste bò zòn piknik la ak pakin lan ak yon nouvo teren jwèt ak de zòn ekipman; youn pou timou laj 2 rive 5 an epi youn pou timoun laj 5 rive 12 an pou mache ak nouvo obsèvatwa epi bèl vi yo.

Reservoir State Park – etabli yon sikui ekipman spò a lès teren tenis lan pou mache ak pak atletik ki gen teren sòfbòl, teren pou plizyè spò, yon pis pou patinaj, yon seksyon pou pratike gòlf and yon pis kous 1.2 mil pou mache ak kouri.

Capital Region (Rejyon Kapital la)

Grafton Lakes State Park – agrandi epi amelyore teren jwèt ki egziste akote Sant Akèy la, l'ap gen eleman pou jwèt sou tè lanati ak yon poto dife minyati.

Thacher State Park – konstwi yon nouvo teren jwèt pou timoun ki pi gran akote nouvo Sant Vizitè a, l'ap gen yon glisad, yon mi pou monte sou imèb la, yon tinèl pou moun ranpe epi yon zòn ki gen wòch ak kòd. Tout eleman yo sipoze melanje ak aspè pak la ki egziste deja.

Lake Taghkanic State Park – agrandi teren jwèt ki egziste deja nan pati sid paking plaj la, epitou ajoute yon pis pou amelyore koneksyon ki soti nan plaj la pou pyeton, nouvo pakin pre teren jwèt la e plis nan lonbraj.

Rejyon Mid-Hudson

James Baird State Park – ranplase ansyen teren jwèt ki egziste a ak ekipman jwèt ak panno pou entèprete ki montre espès tòti ki nan Hudson Valley ak Eta Nouyò.

Franklin D. Roosevelt State Park – konstwi yon nouvo teren jwèt nan pakin #6, youn nan zòn piknik ki pi popilè nan pak la.

North Country

Eel Weir State Park – ranplase ansyen teren jwèt akote paviyon ki egziste a ak nouvo teren jwèt ki pral gen strikti pou moun monte, glisad, jwèt a resò ak balanswa. Pwojè-a pral gen nouvo pis pou mache an beton ak ban toutotou zòn jwèt la.

Konstriksyon an ap kòmanse apre sezon ete ki frekante anpil la. Teren jwèt yo ta sipoze yo pare disi ete pwochen.

Amelyorasyon teren jwèt jwen finansman nan kad plan revitalizasyon NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo a, sa ki gen ladan yon angajman pou ajoute oswa amelyore 100 teren jwèt pou rive nan ane 2020. Depi 2011, State Parks yo te bati oswa amelyore 72 teren jwèt nan kad angajman istorik Gouvènè a pou amelyore park yo epi agrandi aksè a lwazi anplennè.

[Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a](#) se yon angajman plizyè ane pou bay 900 milyon dola finansman prive ak piblik pou State Parks soti an 2011 pou rive an 2020. Bidjè 2016-17 Eta-a prevwa 90 milyon dola pou direksyon inisyativ sa a.

An plis, ane sa a Gouvènè a te anonse pwogram [Konekte Timoun ak Pak yo \(Connect Kids to Parks\)](#), ki ap bay jou antre gratis pou elèv klas katyèm ane primè yo ansanm ak fanmi yo, epi kreye yon nouvo pwogram don pou transpòtasyon pou ede elèv nan lekòl defavorize yo vizite pak leta yo ak sit istorik yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 65 milyon moun ki vizite yo chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt espas pou jwe, rele 518-474-0456 oswa ale sou Entènèt nan sitwèb www.nysparks.com.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418